SEKIRITE PISIN LAKOU DÈYÈ A

ZERO DROWNINGS MIAMI-DADE | Nicklaus Children's

Sipèvizyon aktif enpòtan pou anpeche moun nwaye. Distraksyon tankou voye mesaj tèks oswa pale ak lòt moun ka lakòz aksidan nan kèk segonn. Pa janm kite timoun yo poukont yo toupre dlo, menm pou yon ti moman. Konbine sipèvizyon sere avèk mezi prevantif–kloti, baryè ak kle, ak pòt fèmen–pou kenbe timoun yo an sekirite. Men kijan ou ka anpeche aksidan.

Konsèy pou Kay **Konsèy pou lakou** **Konsèy pou pisin**



Fèmen pòtay lakou dèyè kay la ak pòt devan kay la. Si kay ou a bò yon kanal oswa yon lak, mete yon miray oswa yon kloti.

Yon timoun ka nwaye nan yon nivo 2" pous dlo. Vide pisinn yo lè w pa ap itilize yo. Vide dlo ki kanpe nan pisinn gonflab, kouvèti spa, ak bokit. Seche pisinn you le w p ap itilize yo.

Fèmen pòt pou bèt kay yo. Timoun piti ka pase fasilman ladan yo.

- Enstale mekanis ki fèmen otomatikman sou pòt deyò yo ak detèktè pòt yo.
- Mete taket ak zen anlè pòt yo kòm yon prevansyon anplis.
- Rete vijilan: Timoun ki gen 4 ak 5 an ka trennen yon chèz fasilman nan pòt la epi louvri yon taket.

Kenbe fenèt yo, pòt yo, epi pòt k ap glise yo fèmen tout tan. Mete kle yo yon kote timoun pa ka rive.

Tcheke baryè/pòtay la regilyèman pou wè si gen taket kase, gon wouye, ak sous dlo ki ize. Grese gon yo ak taket yo, epi asire w ke yo nan bon eta.

Kenbe yon telefòn sou la men nan zòn pisin lan, epi sèvi avè l sèlman pou ijans.

Vide dlo pisinn gonflab yo lè yo pa itilize epi retire mach eskalye/nechèl pou pisinn ki anlè tè a lè yo pa itilize.

Mete/Poste enstriksyon reyanimasyon (RCP) nan zòn pisin lan. Familyarize tèt ou avèk yo. Pran yon kou reyanimmasyon (RCP).

Kenbe yon poto ak gòl toupre zòn pisin lan pou sove lavi.

Make bout ki fon ak bout ki pa fon nan pisin lan.

PA JANM Kite yon timoun pou kont li lè l toupre dlo–kit se yon timoun piti oubyen yon timoun ki gen matirite. Ta dwe toujou gen yon granmoun k ap siveye l. Menm timoun ki te resevwa leson naje ta dwe anba sipèvizyon.

PA JANM kite pòtay oswa antre apiye ouvè.

Kenbe kouvèti drenaj pisin yo, aspiratè ak filtè yo sekirize/ femen.

PA JANM Kite jwèt oswa bagay k ap flote nan pisin lan ki ka tante yon timoun pou l mete men l nan pisin lan.

Pa kite mèb deyò toupre kloti pisin lan. Timoun yo ka sèvi avèk yo pou janbe kloti a. Mete mèb yo anndan kloti a kote yo p ap aksesib.

1. PRAN AVÈTISMAN

Anpeche aksè nan pisin ou oswa spa ou a lè l sèvi avèk kloti ak baryè ki fèmen otomatikman.

2. PRAN SEKIRITE

Fèmen pòt, fenèt, pòt pou bèt kay, ak baryè ki mennen nan lakou dèyè kay ou ak pisin/spa ou.

3. RETE VIJILAN

Fè atansyon ak pitit ou yo TOUT tan yo bò dlo - NENPÒT DLO! Pa janm sipoze yon timoun pa ka fè aksidan jis paske li te resevwa enstriksyon pou naje.

4. SE PARE

Pran kou sou kijan pou administre RCP ki sove lavi: enskri timoun yo nan leson sekirite nan dlo.

ZeroDrowningsMiamiDade.org

Konsèy sekirite sa yo bay **paLopital Timoun Nicklaus.**